


Biwo pou Reyenstalasyon Refijye

Manyèl Esponnsò



Tab dè Matyè

Definisyon yo	4
Fòm Verifikasyon Liberasyon (Verification of Release Form, VOR).....	5
Dosye Vaksinasyon yo.....	6
Avi Konvokasyon (Notice to Appear, NTA)	6
Plan pou Sekrite.....	7
Akò Swen Esponnsò.....	8
Jesyon Ka Apre Liberasyon	9
Prekosyon: Fwòd ak Eksplwatasyon Finansye.....	9
Dwa Timoun lan nan Swen parapò ak Apre Liberasyon.....	10
Dwa pou Edikasyon.....	10
Absanteyis.....	12
Dwa pou Byennèt Fizik.....	12
Founiti Bezwen Debaz yo	13
Sipèvizyon Apwopriye Granmoun	13
Dwa pou Byennèt Emosyonèl.....	14
Pwoteje Timoun yo kont Yomenm.....	14
Pwoteje Timoun Yo Kont Relasyon Damou Ki Pa Apwopriye.....	14
Rapòte Abi ak Neglijans sou Timoun.....	15
Dwa pou Ale Nan Tribunal	15
Travay ak Trafik Moun	16
Dwa pou Pwoteksyon Egal.....	17
Vyolans nan Kay	17
Chèche jwenn Lagad legal.....	18
Resous pou Moun K Ap Chèche Jwenn Lagad Legal	18
Lè yon Timoun Vin Lakay Ou	18
Peryòd "Lin Demyèl" la	19
Defi Finansye.....	19
Difikilte pou Adapte.....	19
Pran Dispozisyon Toutespre Pou Ede Timoun Lan Santi Li "Nan Plas Li"	19
Fè Atansyon ak Zanmi ak Relasyon Entim Timoun lan.....	20
Pale avèk Adolesan ou an Konsènan Pran Desizyon Seksyèl San Danje.....	20

Itilizasyon Entènèt Ak Rezo Sosyal Timoun Ou An	20
Tandans Baze sou Relasyon Yon Esponnsò avèk Timoun lan	21
Pou Esponnsò yo ki se Paran	21
Pou Esponnsò yo ki se Manm Fanmi	22
Pou Esponnsò yo ki se Zanmi Fanmi an	22
Twomatis ak Konpòtman yo	22
Oto-Mitilasyon	23
Panse sou Swisid	23
Pwoblèm nan lè dòmi	24
Izòlman	24
Manje oswa Pa Manje	24
Eksplozyon Emosyonèl yo	25
Defi	25
Konpòtman Seksyalize	25
Abi Sibstans	26
Entimidasyon	26
Elvasyon timoun	26
Règ ak Lojik	27
Ankouraje konpòtman ou vle wè yo	27
Lè timoun ou an vyole règ yo	27
Kontak Kle yo	28
Sit entènèt Enpòtan yo	28

Definisyon yo

Biwo pou Reyenstalasyon Refijye (ORR): Biwo pou Reyenstalasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement) se yon biwo federal nan Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, yon divizyon operasyonèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, epi sipèvize swen pou timoun ki pa akonpaye Ozetazini.

Founisè Swen: Yon founisè swen se nenpòt pwogram ORR finanse ki otorize, sètifye oswa akredite nan yon ajans Leta ki apwopriye pou bay swen rezidansyèl pou timoun yo, sa gen ladan abri, gwoup, fanmi plasman, ki gen sekirite estaf, ki an sekirite, terapeutik oswa tretman rezidansyèl pou timoun yo.

Regwouzman: Regwouzman se pwosesis pou yon timoun y ap libere sot anba swen ORR ba yon esponnsò. Yo reyini yon timoun sèlman lè gouvenman an apwouve esponnsò a antanke responsab swen ki san danje pou timoun lan.

Sant Dapèl Nasional ORR (Sant Dapèl Nasional ORR, ORRNCC): Sant dapèl la se yon liy asistans pou timoun ki pa akonpaye yo, esponnsò yo, ak fanmi yo pou soutni yo pandan tout pwosesis reyinifikasyon an, gen ladan apre yo fin libere timoun lan mete I nan swen yon esponnsò.

Regwouzman Fanmi: Regwouzman fanmi an se yon tèm ki pi gran yo itilize nan Akò Règleman Flores pou pale de pwosesis pou liberasyon yon timoun ki pa akonpaye pou mete I nan swen yon paran, yon fanmi oswa yon lòt esponnsò.

Esponnsò: Yon esponnsò se yon moun (ki nan majorite ka yo se yon paran oswa yon lòt fanmi) oswa yon antite ORR libere yon timoun ki pa akonpaye ba li sot nan lagad federal.

Sèvis apre Liberasyon: Sèvis apre liberasyon yo se sinonim ak sèvis swivi. Yo se sèvis yo bay yon timoun ki pa akonpaye dapre bezwen timoun lan apre li fin kite swen ORR. Founisè sèvis apre liberasyon yo kowòdone referans bay sèvis sipò nan kominate kote timoun ki pa akonpaye a abite epi yo bay lòt sèvis byennèt pou timoun, jan sa nesesè. Sèvis apre liberasyon yo ka fèt jiskaske minè a rive nan laj 18 lane. Sèvis apre liberasyon yo ka fèt an konbinezon avèk yon etid kay oswa poukont yo. Patisipasyon nan Sèvis Apre Liberasyon se yon chwa volontè esponnsò a ak timoun ki pa akonpaye a.

Dokiman Sòti

Yo bay timoun ki pa akonpaye yo plizyè dokiman enpòtan nan moman liberasyon yo. Li enpòtan pou egzamine dokiman sa yo ak anpil atansyon epi konsève yo an sekirite. Opu pral resevwa:

- Fòm Verifikasiyon Liberasyon (Verification of Release Form, VOR)
- Dosye vaksinasyon ak premye depistaj medikal
- Premye egzamen dantè ak nenpòt dosye dantè enpòtan
- Lis tout medikaman UC a ap pran, sa gen ladan dòz ak rezon an plis preskripsyon oriijinal la
- Non ak enfòmasyon kontak founisè medikal, sante mantal, ak swen dantè dekwa pou esponnsò a ak UAC an ka mande dosye anplis si sa nesesè
- Evalyasyon ak dosye pou edikasyon
- Akò Swen Esponnsò
- Plan pou Sekirite

Timoun ou an ap vini lakay ou avèk yon katab dokiman. Konsève papye sa yo an sekirite! Ou pral bezwen yo pou enskripsiyan timoun lan lekòl la, tribinal, ak vizit kay doktè, ak plis ankò.

Fòm Verifikasyon Liberasyon (Verification of Release Form, VOR)

Fòm sa a se yon fòm ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS), Biwo pou Reyenstalasyon Refijye (ORR) HHS a te bay, epi li dwe konsidere kòm prèv ki montre esponnsò a gen lagad timoun lan, timoun lan abite ak esponnsò nan adrès ki montre a, epi laj timoun lan. Byenke lekòl yo, distri lekòl yo, ak lòt inite gouvènman an pa dwe mande fòm VRF sa a epi esponnsò yo pa oblige soumet li bay yon lekòl oswa yon lòt inite gouvènman an, esponnsò yo ka chwazi pou yo prezante fòm sa a volontèman bay yon lekòl oswa yon lòt inite gouvènman an. Si yo prezante li, lekòl yo ak lòt inite gouvènman yo dwe aksepte fòm sa a kòm youn mwayer apwopriye pou etabli prèv idantite, rezidans, ak/oswa laj nan objektif pou enskri yon timoun nan lekòl la. VRF la sanble ak sa a:

OMB Control No: 09/U-U552
Expiration Date: 03/31/2022

**U.S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES (HHS)
OFFICE OF REFUGEE RESETTLEMENT (ORR)
DIVISION OF UNACCOMPANIED CHILDREN OPERATIONS (DUCO)
VERIFICATION OF RELEASE**

VERIFICATION OF RELEASE

Name of Minor:	Aliases (if any):
Minor's Date of Birth:	Minor's A#:

The Office of Refugee Resettlement (ORR) has released the above named minor from Federal custody pursuant to section 462 of the Homeland Security Act of 2002 and section 235 of the William Wilberforce Trafficking Victims Protection Reauthorization Act of 2008 to the care of:

Photo of Child

Name of Sponsor:	
Aliases (if any):	
Address:	
City:	
State:	Zip Code:
Telephone#:	
Relationship to Child:	

ACKNOWLEDGEMENT OF THE SPONSOR CARE AGREEMENT

The above named sponsor has agreed to the provisions set forth in the *Sponsor Care Agreement*, pertaining to the minor's care, safety, and well-being, and the sponsor's responsibility for ensuring the minor's presence at all future proceedings before the Department of Homeland Security and the Department of Justice/Executive Office for Immigration Review (EOIR).

FOR INTERNAL USE ONLY

Name ORR care provider Facility
Date

THE PAPERWORK REDUCTION ACT OF 1995 (Pub. L. 104-13) Public reporting burden for this collection of information is estimated to average .10 hour per response, including the time for reviewing instructions, gathering and maintaining the data needed, and reviewing the collection of information. An agency may not conduct or sponsor, and a person is not required to respond to, a collection of information unless it displays a currently valid OMB control number.

Dosye Medikal yo

Nan moman liberasyon an, timoun lan ap resevwa kopi dosye medikal li, ki trè enpòtan pou sekirite timoun lan ak aksè nan sèvis apre liberasyon. Anpil fanmi pa kalifye pou asirans sante, epi depans pou medikaman ak tretman yo ka chè. Si ou pa gen asirans sante oswa ou pa ka ajoute timoun lan nan plan asirans ou, chèche klinik swen sante kominotè ki bon mache nan kominote ou an. Pou jwenn èd pou jwenn opsyon swen sante pri ki ba, rele Sant Dapèl Nasjonal ORR nan 1-800-203-7001.



Preskripsiyon yo

Preskripsiyon yo Dosye medikal timoun lan ap gen ladan preskripsiyon medikaman ak machaswiv sou fason timoun lan dwe pran medikaman an, kidonk dokiman sa a trè enpòtan. Si gen nenpòt rekòmandasyon pou kenbe timoun lan an sante, tankou pran sèten medikaman oswa ale nan sèten randevou, antanke esponnsò ou oblige asire ou ke timoun lan resevwa tretman sa a apre yo fin reyini. Egzamine dokiman medikal la ak anpil atansyon pou asire ou ke ou okouran konplètman de tout medikaman oswa tretman timoun lan dwe resevwa.

Istwa Sante Mantal ak Medikal

Pakè sòti a ka gen ladan egzamen medikal, dantè, ak sante mantal, tretman, oswa tès yo te fèt pandan timoun lan te nan swen. Lè ou mennen timoun lan kay doktè, dantis, konseye, oswa sikyat pou bilan nan kominote ou an, dosye sa yo ka itil pou pratisyen timoun lan konprann bezwen timoun lan.

Dosye Vaksinasyon yo

Pote atansyon anplis ak dosye vaksinasyon an. Dosye vaksinasyon an montre tout vaksen timoun lan te resevwa pandan li te nan swen abri a pou ede pwoteje li kont maladi tankou lawoujòl, epatit ak varisèl. Lè ou enskri timoun lan lekòl, lekòl la pral mande pou wè dosye vaksinasyon sa a nan kad pwosesis enskripsiyon an. Vaksen komen timoun yo resevwa nan swen ORR gen ladan vaksen kont maladi danjere ki annapre la yo:

- | | | |
|------------|--------------|-----------|
| • Polyo | • Varisèl | • Tetanòs |
| • MMR | • Nemokòk | • Koklich |
| • Epatit A | • Menengokòk | |
| • Epatit B | • Difteri | |

Timoun ou an ka bezwen kontinye yon seri vaksinasyon pou pwoteje l kont sèten maladi apre li vin lakay ou. Ou pral gen pou ede timoun lan jwenn aksè nan swen medikal pou resevwa vaksen sa yo nan kominote ou

Sèten maladi ki mande yon seri vaksen pou anpeche yo, kidonk timoun lan ap bezwen kontinye pran vaksen nan men yon doktè nan kominote ou apre yo libere l pou pwoteje l kont maladi sa yo.

Avi Konvokasyon (Notice to Appear, NTA)

Timoun nan ap resevwa tou yon dokiman ki rele Avi Konvokasyon, oswa NTA. Dokiman sa a montre ke timoun lan oblige ale nan tribinal nan kad pwosedi imigrasyon li.

NTA a gen nimewo etranje legalman anrejistre timoun lan, dat nesans li, ak non li. Menm si enfòmasyon ki nan fòm sa a pa kòrèk, pa egzanp, si non timoun lan eple mal, enfòmasyon ki sou fòm sa a se sa gouvènman an genyen

ofisyèlman nan dosye timoun lan. Kidonk, lè ou rele pou ou jwenn mizajou sou estati tribunal timoun lan, pou ou poze kesyon sou ka li oswa pou ou travay avèk yon avoka, y ap mande enfòmasyon yo jan yo ekri sou NTA a, menm si non timoun lan pa kòrèk oswa yo eple l mal. NTA a sanble ak sa a:

U.S. Department of Homeland Security

Notice to Appear

In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act:

Subject ID: _____ **FINS:** _____ **File No.:** _____
DOB: _____ **Event No.:** _____

In the Matter of: _____

Respondent: _____ currently residing at: _____
 (Number, street, city and ZIP code) (Area code and phone number)

1. You are an arriving alien.
 2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or paroled.
 3. You have been admitted to the United States, but are removable for the reasons stated below.

The Department of Homeland Security alleges that you:

SAMPLE

This notice is being issued after an asylum officer has found that the respondent has demonstrated a credible fear of persecution or torture.
 Section 235(b)(1) order was vacated pursuant to: 8CFR 208.30(f)(2) 8CFR 235.3(b)(5)(v)

YOU ARE ORDERED to appear before an immigration judge of the United States Department of Justice at:

 (Complete Address of Immigration Court, including Room Number, if any)
 in _____ at _____ to show why you should not be removed from the United States based on the
 (Date) (Time)

:charge(s) set forth above. _____
 (Signature and Title of Issuing Officer) _____

Date: _____
 (City and State) _____

See reverse for important information

Form I-862 (Rev. 08/01/07)

Plan pou Sekirite

Icône nan anpoul limyèYo pral libere timoun lan tou ak yon dokiman ki rele yon "plan sekirite." Plan sa a enpòtan anpil pou ni oumenm ni timoun lan. Li bay lis nimewo enpòtan pou rele, dispozisyon ki pou pran nan sitiyasyon ki pa an sekirite, ak siy avètisman oswa risk pou siveye. Anpil founisè swen ORR pral mete tou direksyon ak kat pou ale nan resous enpòtan nan kominate ou, pa egzanp machaswiv sou fason pou ou rive nan pòs polis la si ou an danje. Konsève dokiman sa a yon bon kote epi asire ke timoun ou an gen aksè ladan imedyatman. Sa se yon egzanp sou jan yon plan sekirite ka sanble:



<p>OTHER IMPORTANT RESOURCES: Otros recursos importantes:</p> <ul style="list-style-type: none"> If you need further assistance regarding this resource, other resources, or translation, please contact 1-800-209-7001. Si necesita más información u asistencia en cuanto a estos recursos o interpretando por favor contacte linea de ayuda de Reasentamiento de Refugiados al 1-800-209-7001. <p>Individual Counseling/ Family Counseling: Consejería individual/ Consejería familiar:</p> <p>Catholic Charities 10435 Greenbough Dr # 200 Stafford, TX 77477 (281) 297-2330</p> <ul style="list-style-type: none"> Hours of Operation: Monday-Wednesday and Friday 7:30am-5:30pm Horas de operación: Lunes-Miércoles y Viernes 7:30am-5:30pm Fees: Sliding scale depending on income. Accepts Medicaid and emergency medical insurance. Tarifas: Dependiendo de sus ingresos. Se acepta Medicaid y emergencia médica. Appointments: Contact the line (713) 874-6590 to schedule an appointment. Appointment available as of 10/01/2015. Other: Llame a la linea (713) 874-6590 y para una cita. Cita disponible desde 10/01/2015. Language: Spanish available Idioma: Español <p>Parenting Support: Apoyo Para Padres:</p> <p>Parenting Classes 4950 Memorial Dr. Houston, TX 77007 (713) 750-2335</p> <ul style="list-style-type: none"> Hours of Operation: Monday-Friday: 8am-5:30pm Horas de operación: Lunes-Viernes 7:30am-5:30pm Fees: \$50 for 6 sessions of classes para padres Appointments: Contact the line (713) 750-2335 to schedule an appointment. Appointment available as of 10/01/2015. Other: Llame a la linea (713) 750-2335 para una cita. Cita disponible desde 10/01/2015. Language: Spanish available Idioma: Español <p>NCC Official User: Date Referral Received:</p> <p>Date assigned to NCC CRM:</p>	<p>Nearest Fire Station: Estación de Bomberos más cercana:</p> <p>Nearest Fire Station 53 6022 Westheimer Houston, TX 77014 (281) 394-6700</p> <p>Nearest Hospital: Hospital más cercano:</p> <p>Cornerstone Hospital of Houston - Bellmead 5514 Eastpark Drive Houston, TX 77060 (713) 295-5300</p> <ul style="list-style-type: none"> Hours: 24 hrs/24 hrs No se requiere tener seguro médico para obtener ayuda Centro: Varían dependiendo el servicio Servicios: Se habla español <p>NCC Official User: Date Referral Received:</p> <p>Date assigned to NCC CRM:</p> <p>NCC Official User: Date Referral Received:</p> <p>Date assigned to NCC CRM:</p>
---	---

Akò Swen Esponnsò

Dokiman de paj sa a detaye atant byen presi pou tout esponnsò yo. Asire ou ke ou li dokiman sa a ak anpil atansyon. Lè ou kontinye avèk parenaj yon timoun ki pa akonpaye, ou aksepte pou ou respekte atant yo ki endike nan dokiman sa a.

<p></p> <p>Administration for Children & Families Office of Refugee Resettlement</p> <p>Sponsor Care Agreement</p> <p>You have applied to the Office of Refugee Resettlement (ORR) to sponsor an unaccompanied child in the care and custody of the Federal Government pursuant to 6 U.S.C. §279 and 8 U.S.C. §1232. If your sponsorship application is approved, you will receive an ORR Verification of Release form and enter into a custodial arrangement with the Federal Government in which you agree to comply with the following provisions while the minor is in your care:</p> <ul style="list-style-type: none"> Provide for the physical and mental well-being of the minor, including but not limited to, food, shelter, clothing, education, medical care and other services as needed. If you are not the minor's parent or legal guardian, make best efforts to establish legal guardianship with your local court within a reasonable time. Attend a legal orientation program provided under the Department of Justice/Executive Office for Immigration Review (EOIR)'s Legal Orientation Program for Custodians (Sponsors), if available where you reside. Depending on where the minor's immigration case is pending, notify the local Immigration Court or the Board of Immigration Appeals within five (5) days of any change of address or phone number of the minor, by using an Alien's Change of Address form (Form EOIR-33). In addition, if necessary, file a Change of Venue motion on the minor's behalf. The Change of Venue motion must contain information specified by the Immigration Court. Please note that a Change of Venue motion may require the assistance of an attorney. For guidance on the "motion to change venue," see the Immigration Court Practice Manual at http://www.justice.gov/eoir/vii/OCIPracticeManual/ojp_page1.htm. For immigration case information, please contact EOIR's immigration case information system at 1-800-898-7180. Visit EOIR's website for additional information at http://www.justice.gov/eoir/lomlist.htm. Notify the Department of Homeland Security (DHS/U.S. Citizenship and Immigration Services) within ten (10) days of any change of address, by filing an Alien's Change of Address Card (AR-11) or electronically, at http://1.usa.gov/A4SMP. Ensure the minor's presence at all future proceedings before the DHS/Immigration and Customs Enforcement (ICE) and the DOJ/EOIR. For immigration case information, contact EOIR's case information system at 1-800-898-7180. Ensure the minor reports to ICE for removal from the United States if an immigration judge issues a removal order or voluntary departure order. The minor is assigned to a Deportation Officer for removal proceedings. <p>Family Reunification Packet Version 11 FRP-4 Sponsor Care Agreement Revised 05/20/2022</p> <p>Page 1 of 2</p>	<p>Sponsor Care Agreement Office of Refugee Resettlement</p> <ul style="list-style-type: none"> Notify local law enforcement or your state or local Child Protective Services if the minor has been or is at risk of being subjected to abuse, abandonment, neglect, or maltreatment or if you learn that the minor has been threatened, has been sexually or physically abused or assaulted, or has disappeared. Notice should be given as soon as it becomes practicable or no later than 24 hours after the event or after becoming aware of the risk or threat. Notify the National Center for Missing and Exploited Children at 1-800-843-5678 if the minor disappears, has been kidnapped, or runs away. Notice should be given as soon as it becomes practicable or no later than 24 hours after learning of the minor's disappearance. Notify ICE if the minor is contacted in any way by an individual(s) believed to represent an smuggling syndicate, organized crime, or a human trafficking organization. Provide notification as soon as possible or no later than 24 hours after becoming aware of this information. You can contact ICE at 1-866-341-2423. In the case of an emergency (serious illness, destruction of home, etc.), you may temporarily transfer physical custody of the minor to another person who will comply with the terms of this Sponsor Care Agreement. If you are not the child's parent or legal guardian, in the event you are no longer able and willing to care for the minor and unable to temporarily transfer physical custody, and the minor meets the definition of an unaccompanied child, you should notify the ORR National Call Center at 1-800-203-7001 or information@ORRNCC.com. The release of the above-named minor from the Office of Refugee Resettlement to your care does not grant the minor any legal immigration status and the minor must present himself/herself for immigration court proceedings. <p>Family Reunification Packet Version 11 FRP-4 Sponsor Care Agreement Revised 05/20/2022</p> <p>Page 2 of 2</p>
---	--

Yo palew sou eleman kle Akò Swen Esponnsò a ak plis detay nan tout manyèl sa a. Pa egzanp:

- Garanti byennèt fizik ak mantal pou minè a, ki gen ladan men se pa sa sèlman, manje, abri, rad, edikasyon, swen medikal ak lòt sèvis jan sa nesesè
- Etabli lagad legal avèk tribunal lokal ou nan yon delè tan ki rezonab
- Asiste yon pwogram oryantasyon legal
- Enfòme Tribunal Imigrasyon lokal la oswa Komisyon Dapèl Imigrasyon an ak Depatman Sekirite Enteryè/USCIS nan senk (5) jou oplita pou nenpòt chanjman adrès oswa nimewo telefòn minè a
- Asire prezans minè a nan tout pwochen pwosedi yo
- Asire ke minè a prezante nan ICE pou depòtasyon sot Etazini si yon jij imigrasyon bay yon òdonans pou depòtasyon oswa yon òdonans pou depa volontè
- Enfòme otorite yo si minè a te sibi oswa riske pou sibi abi, abandon, neglijans, oswa move tretman oswa si ou aprann ke yo te menase minè a, yo te fè abi oswa atak seksyèl oswa fizik sou li, oswa li disparèt
- Enfòme Sant Nasyonal pou Timoun ki Pèdi akl Timoun ki Eksplwate nan 1-800-843-5678 si minè a disparèt, yo kidnape l, oswa li sove kite kay li
- Enfòme ICE si yon moun (plizyè moun) yo sispèk ki reprezante yon sendika kontrebann etranje , krim òganize oswa yon òganizasyon trafik moun kontakte minè a nan kèlkeswa fason
- Kontakte ORR nan 1-800-203-7001 si ou pa paran oswa gadyen legal timoun lan, ankake ou pa kapab ankò epi ou pa vle ankò pou ou okipe minè a

Jesyon Ka Apre Liberasyon

Pou sèten timoun, ORR ap apwouve pou sèvis jesyon ka yo kontinye menm apre yo libere timoun lan vin sou kont ou. Sèvis sa yo rele Sèvis Apre Liberasyon. Si yo te afekte sèvis sa yo pou timoun ou an, akò ou pou patisipe nan sèvis sa yo kapab yon kondisyon pou yo libere timoun lan. Yon responsab ka pral vizite kay ou plizyè fwa pou soutni oumenm ak fanmi ou, epi l ap rankontre dirèkteman avèk oumenm ak timoun lan. Responsab ka a pa pral bay sipò lajan dirèk, men li pral konekte fanmi an ak anpil resous nan kominate a, epi li pral ede fanmi an idantifye solisyon si yo rankontre pwoblèm toutolon pwosesis la. Si ou bwote, li enpòtan anpil pou ou enfòme responsab ka ou apre liberasyon an, pou li ka ba ou machaswiv sou depoze dokiman yo, epi pou li vini nan bon adrès la lè l ap vin vizite timoun lan.

Yo afekte sèvis jesyon ka yo pou timoun yo apre liberasyon pou anpil rezon, men se toujou paske gouvenman federal la detèmine ke sèvis sa yo ta benefisyé pou ede kenbe timoun avèk soutyen ak sekirite apre reyinifikasyon. Koperasyon ak sèvis apre liberasyon yo pa pral sèlman ede timoun lan, men li ka trè itil tou pou tout fanmi an.

Prekosyon: Fwòd ak Eksplwatasyon Finansye

Li enpòtan pou esponnsò yo ak manm fanmi yo konnen gen kriminèl ki vize fanmi timoun ki enplike nan pwosesis reyinifikasyon an. Yo pa konnen kòman kriminèl sa yo fè jwenn enfòmasyon pou fanmi timoun yo, men yo trè sisplèk ke yo asosye ak rezo kontrebann oswa "gid" yo. Kriminèl sa yo souvan mande esponnsò/fanmi yo lajan pou yo libere timoun yo ba fanmi an, ki di ke gen yon frè pou pwosesis reyinifikasyon an, oswa ki di ke lajan an pral itilize pou kouvri depans vwayaj pou menne timoun lan ba fanmi an. Yo rele sa eksplwatasyon finansye paske anjeneral moun sa yo ap aji poukонт yo epi lajan yo mande a pa itilize pou sa yo deklare a.

PA GEN OKENN FRÈ ki asosye avèk tretman oswa reyinifikasyon timoun ki nan swen ORR. Pèsonn pa dwe kontakte ou epi mande ou lajan, enfòmasyon kont an bank ou, nimewo kat kredi ou, oswa mande ou pou voye peman oswa chek ba yon lòt moun oswa sou yon lòt kont.

Lè moman rive pou libere timoun lan de yon sheltè oswa yon fammi tanporè, ou oblige fè aranjman vòl pou timoun lan epi pètèt yon eskòt si timoun lan gen mwens ke 14 lane. Frè vwayaj yo dwe peye SÈLMAN dirèkteman bay konpayi an, yon konpayi avyon, oswa yon etablisman founisè swen an. Pèsonn pa dwe mande ou pou ou peye frè vwayaj ba yon sèten moun oswa sou yon kont pèsònèl.

Anplis, si yo mande ou pou fè peman pou frè oswa depans anrapò ak tretman, reyinifikasyon, oswa vwayaj yon timoun, tanpri kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800- 203-7001 pou jwenn èd. Ou dwe konsidere demann sa ak anpil prekosyon epi swiv meyè pratik sa yo, dapre rekòmandasyon Biwo Federal Envestigasyon an (FBI):

- Mefye w ak moun ki prezante tèt yo kòm ofisyèl epi mande peman oswa don kay-apre-kay, nan telefòn, kourye, imèl, oswa sit rezo sosyal yo.
- Mefye w ak moun k ap mande peman oswa kontribisyon nan kourye oswa koutfil, oswa moun ki mande nimewo kont labank ou oswa kat kredi ou.
- Pou verifye lejitimite ajans gouvènman an oswa òganizasyon ki pa pou pwofi a, itilize divès resous ki baze sou Entènèt ki ka konfime nimewo telefòn kòrèk la, imèl, ak/oswa egzistans gwoup la ak estati san bi likratif li olye pou ou swiv yon lyen ki mennen nan yon sit ke yo voye pa imèl.
- Rele nimewo telefòn ofisyèl ajans gouvènman k ap mande lajan an pou asire ke demann pou peman an lejitim.
- Pa reponn okenn imèl ou rfesevwa ke ou pa te pa mande (Spam). Pa klike sou lyen ki nan mesaj sa yo.
- Fè atansyon ak imèl ki deklare yo montre foto benefisyè ki prevwa yo nan fichye ki tache ki ka genyen viris nan yo. Louvri sèlman attachman ki soti bò kote ekspeditè koni.
- Fè kontribisyon yo dirèkteman ba òganizasyon koni olye pou mande lòt moun fè donasyon an nan non ou pou asire ke kontribisyon yo resevwa epi yo itilize pou rezon ki prevwa yo.
- Pa bay enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon finansye a okenn moun k ap mande peman oswa kontribisyon. Si ou bay enfòmasyon sa yo, li ka konpwomèt idantite ou epi fè ou frajil pou vòl idantite.

Dwa Timoun lan nan Swen parapò ak Apre Liberasyon

Menm jan sekirite yon timoun pwoteje pandan li sou kont ORR, yon timoun gen dwa lè yo libere li ba ou. Antanke esponnsò a, ou pral legalman responsab pou asire dwa timoun lan pwoteje lè yo libere li pou mete l sou kont ou. Kèk nan dwa ki pi enpòtan yo gen ladan:

Dwa pou Edikasyon

Timoun yo oblige ale lekòl jiska yon sèten laj (16, 17, oswa 18 lane, selon de Eta kote ou ap viv la) epi anjeneral yo ka ale nan lekòl piblik regilye jiskaske yo fini lekòl segondè oswa yo rive nan laj pi gran ki kalifye yo (19, 20, oswa 21

lane selon Eta kote ou ap viv la). Ou ka jwenn detay sou laj obligatwa kote timoun yo dwe ale lekòl nan Eta ou an sou sitwèb sa a:
<http://www.ncsl.org/research/education/upper-compulsory-school-age.aspx>

Ou dwe ede timoun lan enskri nan lekòl imedyatman apre reyinifikasyon fanmi an. Yon bon premye etap pou enskri timoun ou an se rele oswa vizite lekòl lokal ou pou fikse yon randevou. Yo pral di ou ki dokiman yo bezwen pou enskripsyon an, ak kòman pwosesis la sanble. Pou asistans pou enskripasyon, ou ka kontakte Sant Dapèl Nasional ORR lan nan 1-800-203-7001.

Non sèlman edikasyon obligatwa pou timoun Ozetazini, men prezans nan lekòl la ka afekte nan tribinal la dosye yon timoun ki pa akonpaye. Esponnsò yo responsab legalman pou asire timoun lan reyisi enskri nan lekòl epi pou timoun lan toujou ale nan klas. Pou adolesan ak jèn ki pral gen 18 lane, yo ka gen opsyon pou yo enskri nan yon pwogram Diplòm Edikasyon Jeneral (General Education Diploma, GED). Pwogram sa a ka ede jèn yo resevwa kredi pou yo fini ayskoul. Pou adolesan ak jèn ki pral gen 18 lane, sa ka reponn ak egzijans pou edikasyon yo.

Pou enskripsyon nan lekòl piblik, ou pral pwobableman gen pou montre laj timoun lan, kote timoun lan ap viv nan distri lekòl la, ak dosye vaksinasyon/iminite li. Lekòl yo anjeneral aksepte nenpòt nan divès kalite dokiman ki montre laj, sa gen ladan:

- Dokiman reliye, tankou yon sètifica batèm
- Dokiman lopital
- Sètifica doktè ki montre dat nesans lan
- Yon dosye adopsyon
- Yon afidavit yon paran bay
- Yon batistè
- Dosye lekòl ki te verifye deja

Egzanp dokiman ke lekòl yo anjeneral aksepte pou montre rezidans yo gen ladan:

- Kopi bòdwo telefòn ak dlo
- Akò kontra lwaye
- Afidavit yo

Si esponnsò a pa kapab pwodui yon dokiman ki tabli kote timoun lan abite, timoun lan gen dwa kanmenm dapre lwa federal pou l enskri imedyatman nan lekòl la.

Lekòl yo ta ka mande ou enfòmasyon anplis sou ansyen istwa edikasyon timoun lan, nasyonalite, lang (yo) ke li pale lakay ou, ak revni fwaye ou. Anjeneral, yo kolekte enfòmasyon anplis sa yo pou ede detèmine ki èd ak sèvis edikasyon



Ou oblige enskri timoun lan lekòl imedyatman apre reyinifikasyon an. Si timoun lan gen yon laj kote li obligatwa pou li ale lekòl nan Eta ou an epi ou pa enskri timoun lan, sa ka konsidere kòm Neglijans anvè Timoun.

timoun lan gendwa bezwen. Epitou enfòmasyon sa a ka ede lekòl la mete timoun lan nan klas ak kou ki apwopriye yo. Lekòl yo dwe kite timoun yo enskri nan lekòl, menm si ou pa bay, oswa ou pa kapab bay okenn nan enfòmasyon anplis sa yo. Lekòl yo oblige idantifye timoun ki pa kapab pale, li, ekri oswa konprann Anglè pou yo ka anseye Anglè ansanm ak lòt matyè yo. Epitou, lekòl yo gen obligasyon pou idantifye ak evalye timoun (ki gen laj 3 jiska 21 lane) ki ka gen andikap mantal oswa fizik pou yo ka bay edikasyon ak sèvis regilye oswa espesyal pou reponn ak bezwen timoun yo. Yo entèdi lekòl yo sèvi ak enfòmasyon anplis sa yo pou fè diskriminasyon kont oumenm oswa kont timoun lan. Yo entèdi lekòl yo pou yo fè diskriminasyon kont oumenm oswa kont timoun lan baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, sitwayènte, oswa sitiysyon imigrasyon.

Nan pifò Eta yo, timoun yo ka enskri nan lekòl apre laj 18 lane. Ou ka tcheke pou wè ki pi gwo laj ou ka enskri yon timoun nan lekòl piblik sou sitwèb sa a: <http://www.childtrends.org/?indicators=high-school-dropout-rates>

Li kapab itil tou pou mande ki estaf travay sosyal oswa estaf konsèy yo genyen nan lekòl la. Mande pou timoun ou an gen yon reyinyon avèk travayè sosyal lekòl la oswa konseye a. Tranzisyon nan yon nouvo lekòl kapab trè difisil pou yon timoun, kidonk si ou fè aranjman pou sipò depi okòmansman, sa kapab ede fè timoun lan santi li pi alèz.


Timoun yo gen dwa jwenn aksè nan lekòl piblik, menm si yo poko gen estati, men pafwa sa konn bay konfizyon nan enskripsyon an. Si ou gen nenpòt difikilte pou ou enskri timoun lan, ou ka rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800-203-7001 epi yon responsab ka ap ede ou travay avèk lekòl la pou fè timoun lan enskri.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou enskripsiyon timoun ou an nan yon pwogram GED isi a:

[http://study.com/article_directory/Articles_about_the_GED_\(by_State\).html](http://study.com/article_directory/Articles_about_the_GED_(by_State).html)

http://learningpath.org/article_directory/GED_Info_by_State.html

Absanteyis



Lè yon timoun refize ale nan lekòl epi li chome kou yo, yo rele sa "absanteyis." Paske edikasyon se yon egzijans legal, ni esponnsò a ni timoun yo bezwen konfòme yo avèk prezans timoun lan nan lekòl. Si timoun lan rate twòp jou lekòl, timoun lan gendwa oblige ale nan tribinal pou absanteyis nan lekòl, oswa esponnsò a ka oblige peye amann.

Si yon timoun refize ale lekòl, ka gen anpil rezon ki fè sa. Timoun ki pa akonpaye yo pafwa sibi pèsekisyon nan men lòt timoun yo nan lekòl la, yo ka fristre lè y ap eseye etidye an Anglè, oswa yo ka santi yo akable. Si timoun ou an refize ale lekòl, eseye chèche konnen poukisa, epi pale avèk lekòl la pou ede timoun lan pou l ale lekòl. Timoun yo gen dwa pou yo ale lekòl, epi antanke esponnsò, ou gen dwa pou defann timoun ou an. Si oumenm oswa timoun ou an vle pale sou difikilte nan lekòl la epi reflechi sou lide pou ogmante prezans nan lekòl, ou ka rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn sipò.

Dwa pou Byennèt Fizik

Lwa sou abi ak neglijans sou timoun yo diferan ant chak Eta, men kèlkeswa kote ou ye Ozetazini, antanke esponnsò timoun lan, yo konsidere ou responsab legalman pou pwoteje byennèt fizik ak emosyonèl timoun lan. Yo konsidere timoun yo "timoun" jiskaske yo vin gen 18 lane.

Ozetazini yo pa janm otorize domaj fizik sou yon timoun, menm sou fòm disiplin. Granmoun pa janm otorize frape, choute oswa nwi otreman timoun ki sou kont yo. Tout responsab swen yo, sa gen ladan esponnsò yo, dwe pran prekosyon tou pou asire ke lòt moun pa fè timoun ki sou kont yo a mal.

Founiti Bezwèn Debaz yo

Esponnsò a dwe bay timoun ki sou kont li manje, abri, rad, swen medikal, ak sipèvizon ki apwopriye. Responsab swen yo pa janm otorize refize yon timoun manje ak dlo debaz kòm pinisyon, epi yo pa ka janm fòse timoun lan kite kay yo a. Epitou esponnsò a dwe asire ke timoun lan gen rad apwopriye pou kenbe li an sekirite ak an sante, sa gen ladan chanday ak manto pou tan frèt. Esponnsò yo pa janm otorize fòse yon timoun travay pou bezwen debaz sa yo.

Esponnsò yo oblige asire timoun ki sou kont yo a resevwa swen medikal. Sa varye soti nan bilan debaz ak vaksinasyon regilye yo pou rive nan swen medikal pou yon blesi oswa maladi jan sa nesesè. Sa aplike tou pou medikaman sikiyatrik yo. Si yo preskri yon timoun medikaman ki nesesè pou kenbe l an sekirite, esponnsò yo gen obligasyon pou asire timoun lan jwenn medikaman li bezwen an. Swen medikal ka vin chè, epi souvan gen sipò nan anpil kote ki ka ede pou frè medikal yo. Pou idantifye sèvis medikal bon mache nan zòn ou an, rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800-203-7001.

Ou pa dwe janm menase oswa nwi timoun ki sou kont ou, sa gen ladan refize li manje oswa dlo antanke fòm pinisyon.

Timoun yo pa ka fòse peye pou manje yo, pou chanm yo, oswa pou lwaye nan kay ou. Yo pa ka janm fòse timoun yo kite kay la pou yo debouye yo poukont yo.

Sipèvizon Apwopriye Granmoun

Esponnsò yo dwe kenbe timoun yo an sekirite tou lnan asire yo gen sipèvizon apwopriye granmoun. Eta yo gen règ differan sou sa, men anjeneral, yo pa ka kite timoun yo lakay la poukont yo, epi yo pa dwe kite yo poukont yo pran swen lòt timoun. Nan Eta ki pèmèt adolesan yo rete lakay yo san yon granmoun, yo toujou mande pou timoun lan prepare pou pwoteje tèt li. Kidonk, si Eta ou an pèmèt ou kite timoun lan lakay ou, timoun lan dwe konnen enfòmasyon enpòtan, tankou kijan pou l chape kò l si gen dife, kisa pou l fè si yon etranje frape nan pòt la, oswa kimoun pou l rele nan yon ijans.

Pa egzanp, ou ka kreye yon plan ansanm ak timoun ou an alekri, epi konsève plan an sou frijidè ou pou aksè fasil. Plan an ta ka gen ladan:

Nimewo telefòn esponnsò mwen an: _____

Nimewo telefòn vwazen/fanmi ki toupre: _____

Si mwen an danje touswit, mwen ka rele 911.

Si gen yon dife, pou m soti deyò mwen ka _____ epi ale nan _____ pou rele 911.

Si yon moun vin nan pòt la, mwen p ap kite l antre.

Si mwen blese, mwen ka rele 911.

Mwen p ap sèvi ak recho a lè m lakay mwen poukont mwen.

Pati nan egzijans sipèvizon yo gen ladan konnen kikote timoun lan ye lè li pa lakay li. Si timoun lan sove kite kay la, ou dwe rapòte sa bay lapolis. Lapolis ap vin lakay ou pou fè entèvyou ak jwenn enfòmasyon pou eseye jwenn timoun lan pou asire ke li an sekirite. Antanke esponnsò, si ou pa rapòte yon moun ki sove se yon zak kriminèl nan kèk Eta. Pou jwenn èd pou rapòte ke yon timoun te kite lagad ou, oswa si ou pè pou timoun lan ta sove, ou ka rele Sant Dapèl Nasional ORR lan pou sipò nan 1-800-203-7001.

Sant Nasional pou Timoun ki Disparèt ak Eksplwate (NCMEC) se yon trè bon resous pou rapòte ke timoun ou an disparèt, epi NCMEC ap konsève enfòmasyon sa yo nan yon bazdone santralize pou kominike ak fòsdelòd yo nan nivo nasional. Pou rapòte timoun ou ki disparèt bay NCMEC, rele 1- 800-843-5678.

Dwa pou Byennèt Emosyonèl

Esponnsò yo gen obligasyon tou pou pwoteje byennèt emosyonèl yon timoun. Ozetazini, granmoun pa gendwa menase yon timoun pou fè l mal. Epitou esponnsò yo pa ka jouré oswa rejte timoun yo emosyonèlman. Yon egzanp pou sa a ta ka gen ladan yon esponnsò ki di yon timoun li endezirab oswa li pa byenveni lakay li. Kalite konpòtman sa yo konsidere kòm abi emosyonèl, epi gen règleman Eta ki entèdi yo.



Pwoteje Timoun yo kont Yomenm

Esponnsò yo dwe bay yon kay ki an sekirite epi ki bay sipò, kote timoun lan patisipe nan aktivite fanmi an. Si yon timoun gen pwoblèm emosyonèl epi li ka fè tèt li mal, esponnsò yo gen obligasyon tou pou asire timoun lan jwenn èd nan men yon pwofesyonèl pou kenbe l an sekirite. Sa ka gen ladan mennen timoun lan nan Sèvis Dijans an lopital lokal ou an.

Konpòtman oto-mitilasyon byen presi pou siveye yo gen ladan yon timoun ki koupe, grafouyen, boule, oswa fè tèt li mal toutespre otreman. Timoun yo ka eseye kache konpòtman sa a, epi yo ka eseye kouvari bra ak janm lan oswa fèmen tèt yo nan chanm yo pandan y ap blese tèt yo.

Pwoteje Timoun Yo Kont Relasyon Damou Ki Pa Apwopriye

An règ jeneral, granmoun (ki gen plis pase 18 lane) pa ka angaje yo nan relasyon damou oswa relasyon seksyèl ak timoun yo (ki poko gen 18). Chak Eta gen lwa byen presi sou relasyon sa yo.

Yon menas trè kouran ak danjere pou byennèt fizik AK emosyonèl yon timoun se yon relasyon damou ki pa an sekirite. Ozetazini, timoun yo pa ka nan yon relasyon damou ak yon granmoun. Chak Eta gen lwa trè presi ki anpeche relasyon sa yo, men règ jeneral yo sèke timoun (ki poko gen 18 lane) ka pa nan relasyon damou ak granmoun (18l ane oswa plis). Menmsi timoun lan pa nan fè sèks avèk patnè granmoun li a, si gen nenpòt kalite manyen seksyèl, komunikasyon seksyèl, oswa foto seksyèl, sa se yon krim nan li ye Ozetazini. Se toujou yon krim menm si entèraksyon yo rive sou medya sosyal, tankou Facebook. Patnè granmoun ki nan relasyon an ka fè fas ak konsekans legal trè grav paske li patisipe nan nenpòt kalite aktivite seksyèl avèk yon timoun, sa gen ladan amann, tan nan prizon, ak yon dosye kriminèl pèmanan, ki vizib publikman ki ka fè li difisil pou jwenn travay.

Rapòte Abi ak Neglijans sou Timoun

Mankman pou pwoteje byennèt fizik oswa emosyonèl yon timoun rele abi ak neglijans sou timoun. Antanke esponnsò, non sèlman ou oblige respekte règ yo ki endike anwo a, men ou gen obligasyon tou pou pwoteje timoun lan kont nénpòt lòt moun ki ka lakòz timoun lan sibi domaj fizik oswa emosyonèl. Si yon esponnsò konnen yon timoun sou kont li ap sibi mal epi li pa rapòte l bay otorite yo, yo ka konsidere mankman esponnsò a pou fè rapò kòm neglijans tou. Pou rapòte abi oswa neglijans, ou ka rele nimewo Sèvis Pwoteksyon Timoun lokal ou an oswa lapolis lokal ou. Nimewo sa yo disponib nan www.childhelp.org.

Si ou bezwen èd pou rapòte abi, pou ou idantifye pi bon nimewo telefòn lokal pou ou rele yo oswa pou ou jwenn solisyon, ou ka rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn sipò nan 1-800-203-7001.

Ou ka rele Childhelp tou pou rapòte abi ak neglijans sou timoun nan 1-800-422-4453.

Pou rapòte trafik moun, rele Sant Resous Nasyonal pou Trafik Moun (NHRTC) nan 1- 888-373-7888.



Dwa pou Ale Nan Tribunal

Esponnsò yo dwe pran trè oserye rechèch yon avoka pou timoun yo a, epi asire ke timoun lan gen tout okazyon pou l rankontre avèk avoka a pou prepare pou tribunal la. Tribunal la detèmine chak ane ke plizyè milye timoun ki pa akonpaye dwe rete legalman Ozetazini, sa ki pèmèt timoun yo grandi anba pwoteksyon Etazini, san yo pa pè toutan pou yo pa depòte yo. Pou jwenn èd legal, oswa èd pou jwenn avoka lokal bon mache, ou ka rele liy asistans Pwogram Oryantasyon Legal pou Gadyen yo (LOPC) nan 1-888- 996-3848.

Antanke esponnsò, youn nan egzijans ki pi empòtan yo nan parenaj se asire ou ke timoun lan vini nan tribunal pou dat tribunal li yo. Esponnsò yo pa oblige mennen timoun lan pèsònèlman nan tribunal la, men yo dwe pran dispozisyon konsekan pou asire ke timoun lan patisipe nan odyans li. Si yon timoun pa prezante, nan anpil ka, tribunal yo pral otomatikman bay yon lòd pou depòtasyon, kidonk li trè, trè empòtan ke timoun lan prezante. Si tribunal la bay timoun lan yon òdonans pou depòtasyon, esponnsò yo responsab pou asire timoun lan rapòte l bay ICE pou depòte l sot Etazini..

Antanke esponnsò, ou oblige kenbe tribunal yo ajou sou kote timoun lan ye, pou timoun lan ka ale nan tribunal nan zòn kote li abite a. Ou dwe rapòte demenajman yon timoun. Pou enfòme tribunal yo sou chanjman adrès yon timoun, ou pral gen pou ou ranpli yon fòm Chanjman Adrès (Change Of Address, COA) ak yon fòm Chanjman Lokal (Change Of Venue, COV). Sant Dapèl Nasyonal ORR lan ka ede ou ranpli fòm sa yo epi detèmine kikote pou poste yo. Pou tcheke dat tribunal timoun ou an, ou ka rele Liy Asistans pou Imigrasyon an nan 1-800-898-7180 pou jwenn mizajou regilye.

Ou oblige fè aranjman pou asire ke yon granmoun mennen timoun lan nan tribunal lè dat tribunal la prevwa. Yon avoka ka ede dosye timoun ou an.

Travay ak Trafik Moun

Timoun ki pa akonpaye yo pa gen otorizasyon pou yo travay pandan y ap tann dat tribunal yo a. Piske timoun ki pa akonpaye yo pa kapab travay legalman, si yo chwazi pou travay, travay ki disponib pou yo gendwa peye tikras kòb oswa li ka danjere. Gen règ trè estrik Ozetazini konsènan nenpòt timoun k ap travay nan sèten djòb salè fèb oswa ki danjere. Si yon timoun ap travay nan kondisyon ke Depatman Travay di yo pa gen sekirite oswa ki gen eksplwatasyon, sa ka konsidere kòm trafik moun, menm si timoun lan parèt dakò pou l travay. Sa gen ladan nenpòt kalite travay ki gen nati seksyèl, tankou pwostitisyon, cho toutouni, eskòt, oswa poze pou foto toutouni oswa nan souvètman. Yo kapab pouswiv nan tribunal federal yon granmoun ki patisipe nan trafik yon timoun, avèk konsekans ki grav anpil si yo jwenn li koupab. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou timoun, jèn, ak règleman travay Ozetazini nan <https://www.osha.gov/youngworkers/employers.html>.

Yo ka pa janm fòse timoun lan travay ni menase pou fè l travay. Yo pa ka fòse timoun lan renmèt dèt li oswa dèt fanmi l. Sa ta ka konsidere kòm trafik moun, ki se yon krim ki grav anpil Ozetazini.

Pèsonn pa otorize fòse yon timoun ki pa akonpaye travay Ozetazini, menm si gen yon dèt. Okenn esponnsò pa otorize mande pou yon timoun travay pou renmèt dèt fanmi l oswa pou peye pou chanm ak pansyon. Fòse, fè pè, menase, oswa twonpe yon timoun pou fè l travay se trafik moun li ye tou. Sa vle di fòse yon timoun travay fizikman pa janm otorize, men tou se yon krim federal li ye si ou konvenk yon timoun pou l travay pa mwayen menas pou mete l deyò lakay la, rapòte l ba imigrasyon oswa lapolis, pran revanj sou fanmi timoun lan nan peyi l, oswa lòt menas. Chak nan aksyon sa yo ta ka konsidere kòm trafik moun, ki se yon krim ki grav anpil Ozetazini.

Timoun ki pa akonpaye yo ka frajil pou trafik moun. Pafwa timoun yo oswa fanmi yo ka dwe lajan pou vwayaj. Ranbousman lajan sa yo gendwa pa toujou fasil, epi timoun lan oswa fanmi yo ka santi yo menase oswa oblige travay pou ranbouse lajan yo dwe a. Pou yon timoun minè Ozetazini ki pa ka travay legalman, ke yo fòse yo travay, ki pa ale lekòl dekwa pou l travay, epi ki travay san touche (k ap travay pou yon kote pou l dòmi oswa pou l manje), tout bagay sa yo ta ka konsidere kòm trafik moun. Timoun ki pa akonpaye yo gendwa te fè vwayaj Ozetazini an pou soutni fanmi yo nan peyi lakay yo, oswa pou ede fanmi yo Ozetazini, epi yo ka santi yo oblige travay pou reponn ak bezwen manm fanmi sa yo. Nesesite pou fè lajan byen vit ka fè frajil ak trafikè yo, ki trè bon nan konvenk yo ke sa nesesè.

Timoun ki pa akonpaye yo ka ekspoze ak trafik sèks akòz yon tantativ pou devlope yon santiman apatenans, petèt chèche afeksyon nan men paran ki pi gran, oswa akòz pwoblèm emosyonèl anrapò ak atachman. Ozetazini li ilegal pou timoun minè ak granmoun gen relasyon, ki ka diferan ak sa yo aksepte nan peyi pa yo.

Diferans kiltirèl sa a ka fè timoun yo panse okòmansman pa gen pwoblèm, alòske se pa vre. Esponnsò ki ankouraje oswa pèmèt evènman trafik yo rive pandan yo responsab okipe timoun lan ka angaje nan aktivite ilegal.

Si yon esponnsò oswa yon timoun resevwa kontak nan men nenpòt moun (plizyè moun) yo kwè ki reprezante yon sendika kontrebann etranje, krim òganize, oswa yon òganizasyon trafik moun, esponnsò yo dwe rapòte sa bay ICE imedyatman. Pou èd fè rapò, ou ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800-203-7001.

Dwa pou Pwoteksyon Egal

Nan lemonn antye, gen plizyè milyon moun ki idantifye tèt yo kòm LGBTQI: Madivin, Omoseksyèl, Biseksyèl, an Kesyònman, oswa Entèseksyèl. Gen anpil timoun ki pa akonpaye ki idantifye tèt yo konsa, epi yo pwoteje Ozetazini menm jan yo pwoteje tout timoun. Sa vle di byennèt fizik ak emosyonèl timoun lan dwe pwoteje pandan li sou kont ou. Pale sou sekusalite ak idantite seksyèl ka trè difisil pou timoun yo epi sa bezwen yon konvèrsasyon an sekirite lakay ou. Fè atansyon pou pa pataje sekusalite oswa idantite seksyèl timoun ou an san pèmisyon li. Sa yo se enfòmasyon limenm dwe pataje. Si ou pa alèz oswa si ou pa fin si de tèt ou pou pale sou idantite seksyèl ak timoun lan ak pou soutni l, rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn resous lokal yo pou ede ou soutni timoun lan pi byen.

Timoun ki idantifye tèt yo kòm madivin, omoseksyèl, biseksyèl, an kesyònman, oswa entèseksyèl benefisyé pwoteksyon egal menm jan ak tout lòt timoun yo Ozetazini.

Yon timoun LGBTQI gen menm dwa pwoteje menmman ak timoun ki pa konsa. Lekòl publik gen obligasyon legal pou pwoteje tout elèv yo kont arasman Dapre Konstitisyon Etazini an, lekòl sa yo dwe abòde tout arasman kont timoun LGBTQI yo menm jan yo ta abòde arasman kont nenpòt lòt elèv. Lekòl publik yo pa ka inyore arasman oswa entimidasyon ki baze sou aparans oswa konpòtman ki pa "koresponn ak" sèks yon timoun: tigason ki mete makiyaj, tifi ki abiye "tankou ti gason," oswa elèv ki transjan. Responsab lekòl yo pa kapab di yon timoun ke li dwe chanje moun li ye a oswa ke se li lakòz arasman vin sou li paske li abiye oswa li konpòte l yon fason "ki pa apwopriye." Si y ap arase oswa entimide timoun ou an nan lekòl la, ou dwe rapòte sa imedyatman bay yon responsab ka lekòl la. Yo gen yon responsabilite legal pou reyaji.

Si timoun ou an idantifye tèt li kòm LGBTQI, resous sa yo ka itil:

- www.healthychildren.org
 - www.ambientejoven.org
- Liy Asistans Trevor pou Entèvansyon nan Kriz pou Jèn LGBT yo 1-800-850-8078 – 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt
- GLNH: Liy asistans nasyonal pou Masisi ak Madivin 1-888-843-4564 (THE GLNH) – Lendi jiska Vandredi, 6:00 PM-II:00 PM Lè zòn Lès
 - Sant Dapèl Nasyonal ORR lan disponib tou pou ede ou idantifye resous nan kominate ou an nan 1-800-203-7001.



Vyolans nan Kay

Oumenm oswa yon moun nan fwaye ou ka deja ap sibi yon relasyon vyolan nan kay. Jan de relasyon sa a ta ka ant konjwen yo, frè ak sè, oswa nenpòt moun ki nwi oswa ki menase youn lòt nan kay la. Vyolans domestik gen ladan mal fizik, degradasyon emosyonèl, ak menas pou fè mal. Si w ap sibi vyolans domestik, gen kèk bagay ou ta dwe konsidere:

Si yon moun nan fwaye ou ap fè ou mal, gen kote ki an sekirite ou ka ale. Si ou an danje touswit, rele 911. Lapolis ap vin ede pwoteje ou, menm si ou pa gen estati.

Vyolans domestik, menm si timoun lan pa janm blese fizikman, ka gen yon kokonnchenn enpak sou devlopman yon timoun, sou santiman sekirite, ak sou byennèt li. Timoun yo ka eseye sispann vyolans nan kay la, sa ki mete tèt yo an danje. Si w ap anvizaje pou ou esponnsò yon timoun epi gen vyolans deja lakay ou, reflechi ak anpil atansyon sou sekirite timoun lan.

Vyolans domestik pa gen tandans annik disparèt. Abizè yo souvan bezwen sipò konsèy trè konplè anvan pou konpòtman yo chanje anpèmanans, si yo janm chanje, epi sa ka pran yon tan ki trè long.

Pote yon timoun nan kay la se ogmante responsabilite epi sa ka ajoute estrès pou tout moun nan kay la. Si kay la déjà gen vyolans, reyinifikasyon yon timoun nan kay la ka fè vyolans lan vin pi mal.

Ou gen opsyon. Si gen vyolans lakay ou, lè ou prè pou ou pati, gen kote ki an sekirite ou kapab ale. Rele **Liy Asistans Nasyonal pou Vyolans Domestik** la nan 1-800-799-7233 pou pale sou opsyon ou yo epi planifye pou sekirite ou. Ou ka vizite sitwèb yo a tou nan www.thehotline.org. Si ou gen yon danje touswit, ou ka rele 911, epi lapolis ap ede ou menm si ou pa gen estat.

Chèche jwenn Lagad legal

Esponnsò ki pa manman oswa papa timoun lan gendwa vle konsidere pou chèche jwenn lagad legal timoun lan. Lagad legal la bay esponnsò a anpil nan menm dwa yon paran menm san genyen sou timoun lan. Pa egzanp, lagad legal pèmèt esponnsò a pran desizyon enpòtan nan non timoun lan, tankou aksepte swen medikal oswa otorize maryaj. Gadyen legal yo kapab deklare timoun yo tou sou fòm taks yo kòm dediksyon. Yon avoka dwa fanmi ka ede ou chèche jwenn lagad legal timoun ki sou kont ou an, epi avoka sa a souvan diferan ak avoka ki ka ede timoun lan pou dosye imigrasyon li. Ou ka rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou ede ou jwenn avoka fanmi nan zòn ou an. Esponnsò ki pa paran timoun lan epi ki gen difikilte pou okipe yon timoun ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn asistans, nan 1-800-203-7001.

Resous pou Moun K Ap Chèche Jwenn Lagad Legal

BRYCS - Bridging Refugee Youth and Children's Services
United States Conference of Catholic Bishops
3211 Fourth Street NE – Washington, DC 20017
<http://www.brycs.org/guardianship/guardianship-information-by-state.cfm>



Lè yon Timoun Vin Lakay Ou

Chak timoun ak chak fanmi diferan. Parenaj kapab yon eksperyans ki bay anpi satisfaksiyon, epi anpil fanmi rapòte ke yo santi yo akonpli yon bagay ak soulaje pou yo te antoure ak moun pwòch yo. Gen kèk tandans anpil fanmi konnen, ki ka ede prepare ou anvan reyinifikasyon timoun ou an.

Peryòd "Lin Demyèl" la

Lè yon timoun ki pa akonpaye premye rive lakay esponnsò li, pafwa li ka gen yon peryòd "lin de myèl". Sa vle pale de yon peryòd tan, ki ka plizyè jou, semèn, oswa mwa, lè timoun lan nouvo nan kay la epi li adopte meyè konpòtman li. Timoun nan ka kontan anpil pou li nan yon nouvo kote, li pa fin konnen sèten règ, epi lianvi anpil pou li fè yon bon enpresyon. Apre yon ti tan, konpòtman timoun lan ka kòmanse chanje pandan li vin pi alèz, epi li ka kòmanse teste règ yo tankou nenpòt adolesan fè. Li kapab penib pou yon esponnsò wè konpòtman timoun lan chanje, men sa se yon eksperyans nòmal pou timoun yo apre reyinifikasyon.

Defi Finansye

Pran swen yon lòt moun ka trè chè, sitou adolesan yo. Anpil fanmi santi enpak finansye lè yon timoun reyini lakay yo, epi li ka difisil pou jere depans, siotu pandan premye mwa yo. Dèke ou kapab, planifye bidjè ou, sa gen ladan depans ak epay, epi respekte li. Pifò kominate yo gen anpil resous ki ka soulaje kèk nan depans ou yo, tankou bank manje, magazen rad pri ba, ak klinik medikal gratis. Si ou bezwen èd pou elabore estrateji bidjè ou oswa pou ou jwenn resous nan kominate ou, ou ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn sipò nan 1-800-203-7001.



Difikilte pou Adapte

Distans pou yon timoun rive lakay ou, li te travèse anpil chanjman trè vit. Li gendwa te viv bagay difisil nan peyi I, li gendwa te fè yon vwayaj danjere ak efreyan, otorite ameriken yo gendwa te arete l toudenkou, epi apre sa li te oblige vin abitye viv ak anpil lòt timoun li pa t janm rankontre anvan nan anviwònman abri. Rekòmanse nan kay ou se yon chanjman nan yon seri evènman ki chanje lavi, epi sa kapab reprezante anpil bagay pou yon timoun.

On fwa yon timoun lakay ou, timoun lan gen anpil nouvo bagay pou l aprann: règ kay la, nouvo moun, nouvo koutim, nouvo kilti, ak yon nouvo lang. Youn nan bagay ki pi difisil pou yon timoun aprann se kijan egzakteman pou l entegre l nan yon fanmi. Espesyalman pou timoun ki reyini avèk yon paran, rivalite frè ak sè ka trè difisil pou yon timoun ki pa akonpaye. Timoun yo ka ap fè konpetisyon pou lanmou oswa pou atansyon paran yo, oswa yo ka santi yo pa fin konnen si yo renmen yo ditou.

Si yon moun nan fwaye ou ap fè ou mal, gen kote ki an sekirite ou ka ale. Si ou an danje touswit, rele 911. Lapolis ap vin ede pwoteje ou, menm si ou pa gen estati.

Pran Dispozisyon Toutespre Pou Ede Timoun Lan Santi Li "Nan Plas Li"

Youn nan eksperyans ki pi kouran timoun ki pa akonpaye yo genyen apre reyinifikasyon se santi ke yo pa "nan plas yo." Timoun yo souvan rapòte ke yo gen enpresyon yo reprezante yon fado pou esponnsò yo, ke yo pa vrèman fè pati fanmi an, oswa ke esponnsò yo a pa sousye de yo. Souvan, sa yo se menm timoun sa yo ki fini pa sove oswa rankontre pwoblèm konpòtman. Antanke esponnsò, planifye pou ou trè klè ak vèbal ke ou vle timoun lan lakay ou epi ou kontan li la. Timoun lan bezwen plede tandem sa regilyèman, menm si konpòtman l ap vin yon defi. Pa janm pale sou voye yon timoun tounen nan peyi I kòm fòm pinisyon, oswa endike ke ou ta swete li pa t fè vwayaj la. Sa fè timoun lan mal anpwofondè, epi li ka trè difisil pou ou rejwenn konfyans timoun lan apre ou fin di yon bagay konsa.

Pote atansyon anplis pou asire ou ke timoun lan patisipe nan aktivite fanmi an, epi yo trete l avèk menm afeksyon ak atansyon parapò ak nenpòt lòt timoun nan kay la. Sa ta ka pa sanble yon gwo zafè pou oumenm, men yo pral trè, trè konsyan de fason yo trete yo parapò ak lòt moun. Rezèv bon jan kalite tan pou pase ak timoun lan, jis nou de a, pou kontinye bati relasyon ou epi ede timoun lan santi l espesyal. Bon jan kalite tan an pa oblige yon bagay ki byen planifye oswa ki chè, li ta ka yon bagay ki senp tankou fè makèt oswa al fè yon pwomnad nan katye a. Lè yon timoun gen difikilte pou adapte l ak yon nouvo anviwònman, moman sa yo avèk ou ka gen anpil siyifikasyon ak enpòtans pou timoun lan.

Fè Atansyon ak Zanmi ak Relasyon Entim Timoun lan



Epitou pote atansyon a kimoun timoun lan devlope amitye ak relasyon avèk yo. Timoun ki pa akonpaye yo pral anvi jwenn yon kote pou yo entegre yo, kidonk yo santi tankou yo vle yo nan nouvo anviwònman akablan sa a. Timoun lan ka jwenn yon gwoup zanmi oswa yon patnè amoure trè vit, li gen estabilite epi santi l pi byen konsènan tout chanjman yo. Sa ka yon bon bagay, men li kapab danjere tou.

Pale avèk Adolesan ou an Konsènan Pran Desizyon Seksyèl San Danje

Pou timoun ki pi gran yo ak adolesan yo, menaj yo espesyalman enpòtan pou esponnsò a siveye. Lè yo rive pou premye fwa, timoun yo poko gen gwo rezo sosyal (gwoup zanmi oswa kamarad) pou pwoteje yo, yo ka pa si de tèt yo, epi yo ka anvi entegre yo - sa fè yo pi fasil pou yo nan yon relasyon abizif oswa ki pa gen sekirite, oswa yo nan fè sèks nan yon relasyon anvan yo prè. Epitou sa ta ka fè yo gen plis risk voye mesaj tèks oswa mesaj sou entènèt avèk foto tèt yo ki pa apwopriye. Pale avèk timoun ou an konsènan pran desizyon seksyèl ki an sekirite, tankou pa janm pran foto toutouni, pa janm voye mesaj tèks ak kontni seksyèl, evite nan fè sèks, tann pou li fè sèks jiskaske li pare, ak itilize pwoteksyon lè li finalman nan fè sèks. Li enpòtan tou pou pale avèk timoun lan sou enpòtans ki genyen pou mete fikse limit avèk patnè li pou evite vyolans nan relasyon yo. Ba li asirans ki li pa janm akzeptab pou patnè l fè espre fè blese santiman l, oswa fè l mal fizikman. Si ou louvri pòt la depi okòmansman pou timoun lan pale avèk ou sou relasyon ak sou sèks, sa pral fè konvèsasyon an pi fasil pou timoun lan lè li vle konsèy ou pi devan.

Itilizasyon Entènèt Ak Rezo Sosyal Timoun Ou An

Siveye itilizasyon entènèt ak rezo sosyal timoun ou an. Timoun yo ka rankontre etranje konsa, epi sa ka danjere.

entènèt yo a konvenk timoun lan pou l sove oswa pou l tonbe nan pwoblèm, oswa ka menm mete fanmi ou an danje.

Anpil timoun ki pa akonpaye jwenn patnè damou sou entènèt, atravè Facebook oswa lòt medya sosyal yo. Danje a nan relasyon sa yo sèke li difisil pou konnen ak kimoun timoun lan vrèman ap pale, oswa si ou ka fè mennaj sou entènèt li a konfyans ke l se moun li di li ye a. Li pa estraòdinè pou timoun yo tonbe nan trafik moun oswa nan relasyon abizif sou entènèt. Tchat sou entènèt ka fè patnè sou

Youn nan pi bon fason pou siveye itilizasyon entènèt timoun ou an se antre nan rezo sosyal la oumenm. Si ou antre tou, sa ba ou chans pou ou "zanmi" ak timoun ou an epi ou wè pwofil li, ki moun ki zanmi l, epi ki kalite komunikasyon li ka genyen an piblik. Si ou gen yon konpitè lakay ou, asire ou mete l nan yon zòn piblik nan kay la, pou ou ka wè kòman li itilize l. Fikse règ sou kantite fwa ou pral tchek kont li sou entènèt, oswa konbyen fwa ou pral tchek telefòn selilè li.

Medya sosyal kouran yo gen ladan Facebook, Twitter, Instagram, Whatsapp, Tumblr, Snapchat, Vine, Tinder ak anpil lòt. Ou dwe konnen ki zouti rezo sosyal timoun ou an ap itilize, epi ou dwe pran devan nan siveyans fason timoun ou an sèvi ak zouti sa yo. Asire ou ke li pa endike kote li ye sou sit entènèt rezo sosyal oswa "anrejistre" nan adrès byen presi, dekwa pou li pa fasil pou yon moun danjere jwenn li.



Tandans Baze sou Relasyon Yon Esponnsò avèk Timoun lan

Kèk nan tandans nou wè yo se tandans ki presizeman pou kalite relasyon timoun lan genyen ak esponnsò li. Lefèt ke yon timoun ap reyini avèk yon manman, yon frè, yon kouzen, oswa yon zanmi fanmi an, sa ka gen enpak sou sa kèk nan defi yo ta ka sanble on fwa timoun lan vin lakay ou.

Pou Esponnsò yo ki se Paran

Pou esponnsò ki se manman oswa papa timoun ki pa akonpaye a, ou ta ka santi timoun lan vrèman kontrarye paske ou te pati al Ozetazini, menm si ou te pati pou ede fanmi an. Se yon emosyon ki bay konfizyon - timoun lan ka konprann lojikman poukisa ou te pati, men kè a pa toujou panse lojikman. Li ta ka difisil tou pou ou - pati a pa t fasil, epi sa difisil antanke paran pou wè timoun ou an ap repouse ou. Antanke granmoun, ou dwe fè tout sa ou kapab pou fè timoun lan konnen yo renmen l. Ou dwe asire ou ke nenpòt laperèz ou genyen pou rejè pa anpeche ou gen yon atansyon konstan ak byenveyan menm y ap kontinye repouse w. Plis ou toujou byenveyan, li pi fasil pou timoun lan gen konfyans ke ou toujou renmen l.

Sa aplikab siotu si ou te gen lòt timoun depi ou te vin Ozetazini, oswa si ou te pase plis tan nan dènye ane yo avèk lòt timoun yo nan kay la. Timoun ou an ap gen anpil adaptasyon pou l fè, epi sa ka fè l mal pou l wè lòt timoun yo na kay la déjà alèz avèk ou. Li ka santi jalouzi anvè yo, oswa enkyete ke ou renmen l mwens, epi lòt timoun yo ta ka santi se teritwa pa yo oswa yo fè jalouzi tou. Se pou ou trè sansib ak laperèz sa a, epi fè tout sa ou kapab pou montre ke ou renmen pitit ou menm jan ak nenpòt lòt timoun nan kay la. Asire ou ke ou pale ak fanmi ou pou ou prepare yo anvan li vin lakay ou, epi mete sa klè ke ou atann pou tout moun nan fwaye a envite timoun lan avèk chalè nan fanmi an.

Pou paran yo, oumenm ak timoun ou an pral bezwen aprann kijan pou nou ansanm ankò antanke fanmi.

Lanmou an la, sa jis pran tan ak komunikasyon pou nou vin konfòtab.

Li ka difisil tou paske ou gen yon sèten souvni sou sa timoun lan te ye nan peyi ou, epi timoun lan gen yon souvni sou ou tou. Moun chanje avèk le tan, epi pèsonalite yo pran fòm avèk eksperyans yo. Ou pral wè konpòtman ou pa rekonèt kay timoun ou an, epi timoun ou an ta ka santi li akable lè rèv li te gen sou sa Etazini pral ye a pa trè egzat. Se pou ou bay sipò regilyèman, epi sonje ke timoun lan se yon pwodui nan sot nan pase li epi li pa t vin yon "move" timoun. Ou

ka ede chanje konpòtman pwoblèm yo lè ou ba li nouveau eksperyans li bezwen pou chanje avèk le tan. Sant Dapèl Nasyonal ORR lan disponib pou soutni ou avèk pwoblèm levasyon timoun yo epi pou konekte ou nan resous lokal yo si ou rankontre pwoblèm.

Pou Esponnsò yo ki se Manm Fanmi

Pou manm fanmi yo ki pa manman oswa papa timoun lan, li ka difisil pou pran swen pitit yon manm fanmi, paske fason paran manman yo oswa papa yo ta ka diferan ak fason ou fè sa. Si li san danje, li kapab itil pou fasilité komunikasyon ant timoun lan ak paran li yo. Kontakte paran timoun lan pou ou jwenn konsèy li sou fason pou ou jere sèten konpòtman, sa yo wè ki mache pi byen ak timoun lan, ak sa yo panse sou fason ou ka bay plis sipò pou timoun lan. Lesansyèl sèke pandan timoun lan Ozetazini, li sou kont ou, kidonk alafen ou dwe pran desizyon kòm paran pou timoun lan. Fanmi yo souvan wè jis bò ki favorab, ki gen konpòtman nan timoun yo a, epi yo gendwa pa wè konpòtman ki anpwofondè ke paran yo wè. Ou pral wè yon pakèt kalite konpòtman, ki gen ladan konpòtman negatif, yon fwa timoun lan vin lakay li epi li vin konfòtab, epi ou gen pou ou regilye, janti, ak responsab ak timoun lan kèlkeswa karakteristik ki nouveau oswa ki difisil li demontre. Sant Dapèl Nasyonal ORR lan disponib pou soutni ou avèk pwoblèm levasyon timoun yo epi pou konekte ou nan resous lokal yo si ou rankontre pwoblèm.

Pou manm fanmi yo ak zanmi fanmi yo, li ka difisil pou aprann kijan pou aji kòm paran pou yon nouveau timoun. Sonje, antanke esponnsò, ou te aksepte pou okipe timoun sa a jan yon paran ta okipe l.

Pou Esponnsò yo ki se Zanmi Fanmi an

Antanke zanmi fanmi, elvasyon timoun yon lòt moun ka trè difisil. Li kapab difisil pou pran responsabilite konsa. Se sa ou te aksepte pou fè, ki vle di ou se plis anpil pase jis yon kote pou timoun lan dòmi ak manje. Si li san danje, fè fanmi timoun lan patisipe kote ou kapab pou ede devlope estrateji ou kòm paran, men kèlkeswa sa l ye a, pa rale ti chèz ba w chita epi ou neglige wòl paran ou. Li reyini avèk ou antanke timoun avèk yon responsab swen, se pa antanke zanmi oswa yon konpayèl chanm. Anfennkont, si bagay yo pase mal, ou responsab devan timoun lan menm jan ak yon paran, paske ou se responsab swen prensipal li. Sipò ou ak angajman ou pou yon wòl paran solid pral gen yon efè radikal sou siksè timoun lan isit Ozetazini, kidonk lè ou pran posesyon wòl paran an touswit sa ap tou senpman ede ou. Sant Dapèl Nasyonal ORR lan disponib pou soutni ou avèk pwoblèm levasyon timoun yo epi pou konekte ou nan resous lokal yo si ou rankontre pwoblèm.

Twomatis ak Konpòtman yo

Anpil timoun ki pa akonpaye yo te fè eksperyans bagay trè ki difisil, tris, oswa efreyan pandan yo te nan peyi lakay yo, oswa nan vwayaj yo pou vin Ozetazini. Kalite eksperyans sa yo dekri kòm eksperyans ki "trè chokan," lè eksperyans lan depase kapasite timoun lan pou fè fas ak li. Sa pa vle di timoun lan fè anyen ki mal, oswa ke gen yon bagay ki fèb kay timoun lan, men ke kò li gen repons fizik byen lwen pi devan ak move eksperyans li te viv anvan yo. Eksperyans twomatik kouran ke timoun ki pa akonpaye yo rapòte gen ladan vyolans gang, abi seksyèl, vyolans domestik, abi fizik, lefèt yo te separe pandan lontan ak paran yo, ak temwen lanmò oswa soufrans moun yo renmen.

Menm si timoun ou an te pale ou, li posib ke li te fè eksperyans bagay ki difisil anpil anvan li te rive vin sou kont ou.

Eksperyans twomatik anvan yo ka gen yon gwo enpak byen lwen pi devan sou konpòtman yon timoun, epi sèvis konsèy yo ka ede.

timoun lan vini lakay ou, kenbe zye sou konpòtman sa yo, paske yo se siyal enpòtan pou ou chèche èd pwofesyonèl pou soutni timoun lan.

Kalite eksperyans sa yo trè difisil pou pale sou yo, sitou pou timoun yo. Anpil timoun poko pale esponnsò yo a sou kèk nan bagay ki te rive yo. Sa kapab yon defi antanke esponnsò, paske difikilte nan tan pase yon timoun ka gen gwo efè chak jou sou konpòtman timoun lan. Lè



Oto-Mitilasyon

Oto-mitilasyon vle di yon timoun fè espre fè tèt li mal, souvan avèk blesi repete ki piti epi fasil pou kache. Konpòtman yo ka gen ladan koupe, boule, frape tèt, grata blesi ak zong, rale cheve, grafouyen grav, mòde anpwofondè, ak vyann mètri. Timoun yo ka sèvi ak jilèt, sizo, klips papye, agraf, vè kase, gòm, sigarèt, brièt, alimèt, oswa lòt objè pou fè tèt yo mal. Lè timoun yo blese tèt yo, yo souvan fè li kòm fason pou fè fas ak eksperyans difisil. Koupe se pou eksprime pou yon bagay ki pi gwo k ap pase andedan, epi chanjman lavi ki bay estrès, tankou reyinifikasyon, ka fè konpòtman an vin pi mal..

Oto-mitilasyon se pa yon bagay ki ra, epi se yon abitid ki difisil pou kraze. Li danjere epi li ka mennen nan pi gwo pwoblèm alavni, ak risk final pou blesi grav oswa posibilité pou swisid ki pi wo pase lòt timoun ki pa fè tèt yo mal.

Pa chanje tanperaman w toudenkou si timoun lan devwale ou ke li fè tèt li mal, oswa si ou dekouvrir sa yon lòt fason. Sèvi ak jijman ou - si blesi yo sipèfisyèl, trete yo imedyatman, epi rele sipò ou yo ak referans sante mantal ou yo. Si blesi yo enpòtan epi yo ta ka bezwen tretman medikal pwofesyonèl, ale nan sèvis dijans touswit oswa rele 911 pou èd.

Rezon ki fè yo blese tèt yo trè konplike epi yo diferan pou tout moun. Antanke esponnsò, ou dwe bay sipò, se pou ouvè, ak gen konpreyansyon si timoun lan pale sou li, epi ou dwe fè aranjman pou jwenn èd pwofesyonèl imedyatman. Pwoblèm lan tèlman konplike ke se pwofesyonèl ki dwe abòde li pou sekirite timoun lan.

Panse sou Swisid

Timoun ki sou kont ou an ka di ou ke l ap panse pou l mouri, oswa memm pou touye tèt li. Sa kapab yon mesaj efreyan pou tandé. Si ou panse timoun ki sou kont ou an pral fè tèt li mal, rele 911. Otorite pwoteksyon yo ap vin lakay ou pou ede timoun lan kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa timoun ou an - yo reponn apèl 911 sèlman pou pwoteje moun yo. Ou kapab mennen timoun lan tou nan Sèvis Dijans ki pi pre a nan lopital lokal ou an. Chak Sèvis Dijans gen estaf ki disponib pou evalye moun ki nan sitiyasyon kriz, epi pou evalye si timoun ou an se yon risk touswit pou tèt pa li.

Si yon timoun fè ou konnen li gen panse sou swisid, konsidere repons annapre la yo, ke Suicide Prevention Lifeline sijere (www.suicidepreventionlifeline.org):

- Se pou ou dirèk. Pale ouvètman ak edpi kòrèkteman sou swisid.
- Se pou ou dispoze koute. Pèmèt ekspresyon santiman yo. Aksepte santiman yo.

- Se pou ou pa pote jijman. Pa diskite konsènann si swisid bon oswa mal, oswa si santiman yo bon oswa move. Pa bay konferans sou valè lavi.
- Bay patisipasyon ou. Vin disponib. Montre enterè ak sipò.
- Pa ba l defi pou li fè l.
- Pa montre ou choke. Sa pral kreye distans ant nou.
- Pa fè sèman pou kenbe sekrè. Chèche sipò.
- Ofri espwa ke gen lòt chwa ki disponib, men pa ofri rekonfò vaykevay.
- Pase alaksyon. Retire objè danjere nan kay ou, tankou zam oswa konprime ki te estoke.
- Jwenn èd nan men moun oswa ajans ki espesyalize nan entèvansyon pou kriz ak prevansyon swisid.



Pwoblèm nan lè dòmi

Timoun ki gen yon istwa eksperyans twomatik souvan fè move rèv, yo reviv bagay terib ki te rive yo. Gen kèk timoun ki refize ale nan kabann epi k ap konbat lè pou yo dòmi, kèk gen difikilte pou yo dòmi paske yo twò pè, epi gen lòt ki ka pipi nan kabann.

Kalite pwoblèm sa yo afekte tout jounen yon timoun, pa sèlman nwit lan. Yo ka gen difikilte pou yo reflechi byen aklè, yo gen move rannman nan lekòl la, oswa yo ka akaryat pandan jounen an, paske yo pa janm vrèman jwenn yon bon somèy. Li pral difisil pou ede timoun lan ajiste lakay ou lè bezwen debaz timoun lan - dòmi - pa satisfè. Si ou wè yon timoun gen difikilte pou l dòmi, sipò pwofesyonèl ka yon kokennchenn èd pou debarase l de move rèv yo, ede timoun lan santi l an sekirite ase pou l dòmi, epi sispann pipi nan kabann lan. On fwa konpòtman ki bay estrès ak fatig sa yo disparèt, timoun lan gen plis chans pou l reyisi pi byen nan lekòl epi pou l adapte pi byen nan kay la.

Move rèv ak pwoblèm dòmi kapab yon siy enpòtan ke timoun ou an gen difikilte epi li bezwen èd

Izòlman

Nou souvan tande pale de timoun ki pa akonpaye yo ki rive lakay esponnsò yo, men apre sa yo vle rete poukонт yo nan chanmakouche yo oswa yo refize sosyalize avèk fanmi an. Gendwa gen anpil rezon ki fè timoun lan aji konsa. Yon nouvo anviwònman, sitou pou yon timoun ki twomatize, kapab yon eksperyans trè akablan pou yon timoun, menm si li deja konnen tout moun ki abite nan kay la. Sèten timoun ki ka vle rete poukонт yo paske yo santi yo tris pou yon bagay ki rive, lòt ka pè anpil pou yo kite chanm yo oswa kay la. Gen lòt ankò ki ka santi yo kwense, tankou yo poko fè pati nan fanmi ou. Si ou konnen rezon ki fè timoun lan izole tèt li, sa ka ede ou konprann pi byen fason pou ede l santi l pi byen. Si ou chèche èd pwofesyonèl pou timoun lan, sa ka ede ni oumenm ni timoun lan konprann pi byen sa k ap pase a, epi li ka ede ou pwopoze bon lide pou soutni timoun lan ak fanmi ou.

Manje oswa Pa Manje

Gen kèk timoun ki gen deranjman nan abitid manje yo kòm reyakson ak chanjman. Sa ta ka vle di yo manje twòp (santi grangou ak pa satisfè toutan) oswa yo manke manje (yo pa vle manje yo oswa ti goute yo ofri yo). Òdinèman sa a pral amelyore nan kèk jou. Ou ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou enfòmasyon anplis si sa pa amelyore. Sant dapèl la ka ede avèk konsèy ak trik pou ankouraje manje yon fason ki an sante. Epitou ou kapab fè l wè doktè lokal ou jis pou detèmine si li an sante.

Eksplozyon Emosyonèl yo

Kò yon timoun sibi gwo chanjman apre yon bagay twomatik rive. Kòm reyasyon ak eksperyans twomatik sa a, kò a, deyò kontwòl timoun lan, ka chanje fason misk yo bouje, fason kè a bat, ak jan poumon yo respire, epi sa ka dire pandan anpil ane oswa plis. Kò a ka reyaji trè fòtman ak yon bagay ki sanble pou ou yon bagay ki trè piti, oswa ke se pa yon gwo afè.

Gwo eklatman emosyonèl souvan ka reyakson kò timoun lan pou chòk ak estrès. Sa kapab ede.

Si yon timoun ki sou kont ou an sanble gen yon eksplozyon emosyonèl fò, li posib ke li te gen yon pase vrèman difisil, epi kò li ap reyaji. Eksplozyon yo ta ka sanble avèk kòlè estrèm ki pa ka kalme, oswa tristès estrèm ki sanble enposib pou amelyore. Li ka difisil antanke esponnsò pou ou wè timoun ou an ap aji konsa, men li enpòtan anpil pou ou pa kite tèt ou twò reyaji tou. Si yon timoun ap gen gwo eksplozyon emosyonèl, sonje ke se kò timoun lan ki aji konsa, epi pèsonn pa renmen santi li fache konsa toutan. Bòn nouvèl la sèke yon pwofesyonèl ka ede pou kalite eksplozyon sa yo, ki fòme pou ede timoun lan reprann kontwòl kò li. Si ou bezwen èd pou ou idantifye yon pwofesyonèl nan kominote ou pou ede timoun lan kontwole eksplozyon sa yo, ou ka rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn sipò nan 1-800-203-7001.

Defi

Pafwa nou tandem pale de timoun ki pa akonpaye yo ki refize swiv règ esponnsò a oswa refize koute sa esponnsò a gen pou l di. Tankou eksplozyon emosyonèl yo, gen yon pakèt rezon ki fè yon timoun ka aji konsa. Pafwa, timoun yo te oblige "aji di" pandan lontan nan peyi yo pou anpeche lòt moun fè yo mal. Jan de konpòtman sa a difisil pou chanje toudenkou, menm si timoun lan an sekirite lakay ou.

Epitou yon timoun ta ka vyole règ ou paske li konnen sa ka fè ou fache. Timoun ki te fè eksperyans anpil dezòd lakay yo, tankou anpil diskisyon oswa batay ant paran yo oswa lòt timoun yo, pafwa eseye tounen kreye dezòd sa a nenpòt kote yo ale, paske se sa ki previzib pou yo. Yo ka pouse ou, paske li ka konte sou ou vin fache, epi sètidid sa fè yo santi yo byen, se pa kòlè a limenm.

Ou ka pwobableman devine kèlkeswa rezon ki dèyè defi a, sa ka mete timoun yo nan anpil pwoblèm. Lè ou rete kalm ak regilye, sa kapab ede, men pafwa sa pa ase. Si ou wè sa rive, li ka itil pou ou mennen yon pwofesyonèl pou ede timoun lan santi l an sekirite ase pou l pèdi zak moun di sa, oswa pou l aprann kijan pou l santi l nòmal menm lè pa gen dezòd.

Konpòtman Seksyalize

Sèten konpòtman seksyèl kay timoun yo ka nòmal pou etap devlopman yo. Li vin yon pwoblèm lè konpòtman sa yo gen enpak sou lavi chak jou yo, li nwi kalite relasyon sosyal yo, oswa afekte lòt moun. Lè sa rive, anjeneral sa vle di ke timoun lan ankò te gen yon pase trè difisil, epi sa a se reyakson kò l ak pase a.

Si yon timoun lakay ou ap angaje nan nenpòt nivo konpòtman seksyèl avèk lòt moun nan fwaye ou, sa kapab yon gwo pwoblèm. Li ka efreyan pou esponnsò yo wè konpòtman sa a kay timoun y ap okipe a. Li enpòtan pou sonje ke konpòtman seksyèl kay timoun yo souvan se yon respons a sa timoun lan te viv lontan, epi li pa vle di ke timoun lan "move" oswa yo pa kapab ede l. Si ou wè konpòtman seksyalize ki se pwoblèm kay timoun ki sou kont ou an, asire ke ou gen yon plan an plas pou kenbe chak moun lan an sekirite ak sipèvize nan kay la, epi chèche jwenn sipò

pou timoun lan pou ede l simonte eksperyans pase yo k ap lakòz li konpòte l konsa. Ou ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800-203-7001 pou idantifye resous lokal yo pou ede ou soutni timoun lan.

Abi Sibstans

Pafwa nou tande timoun ki pa akonpaye yo k ap pran dwòg oswa bwè alkòl. Gen anpil rezon ki fè yon timoun ka konsome yo. Sèten timoun ka itilize yo paske li ede yo fè fas ak yon move bagay ki te rive yo lontan. Sèten timoun itilize yo paske yo nan yon nouvo kote, yo dezespere pou yo aksepte yo ak pou yo santi yo nan plas yo, epi yo santi yo pi aksepte yo sosyalman lè itilize ak sibstans. Sèten timoun gendwa te oblige itilize yo pou divès rezon nan peyi lakay yo, epi kounye a yo devlope yon adiksyon ki difisil pou kraze. Kèlkeswa rezon an, itilizasyon sibstans ka danjere pou timoun yo, li ka lakòz domaj byen Iwen pi devan nan kò yo, oswa ka menm lakòz lanmò. Nan prèske tout Eta Ozetazini, laj legal pou bwè se 21 lane, kidonk si yon trape timoun ap bwè alkòl, ni timoun lan ni ounenm ka nan yon pakèt pwoblèm. Ou ka jwenn plis pwoblèm si ou achte alkòl oswa dwòg pou timoun lan itilize. Pifò dwòg nan pifò Eta yo ilegal tou.



Byenke gen pwoblèm legal ak pwoblèm sante anrapò ak itilizasyon sibstans, si timoun ou an ap pran yo, se travay ou antanke esponnsò pou asire ke timoun lan gen aksè nan èd. Fè atansyon pou pa akize oswa blame timoun lan lè w ap pale avèk li sou dwòg oswa alkòl. Olye sa, pale ak timoun lan sou sa enkyete w, epi ese耶e jwenn yon konprann ki sibstans byen presi timoun lan ap pran, kilè, epi ak kiyès. Si timoun lan adikte nan yon sibstans, ou pral gen pou ou chèche èd pou soutni l sispann pran l. Si itilizasyon an gen rapò ak yon sèten gwoup zanmi, repanse plan sipèvizon ou avèk timoun lan, epi kreye estrateji ak timoun lan sou fason li ka evite pran yo. Yon konseye sou dwòg ak alkòl ka ede ou panse sou fason pou ou fè diskisyon sa a, bagay ou ka fè pou pwoteje timoun lan, ak kote ou ka mennen timoun lan pou ede l sispann konsome. Pou jwenn yon konseye pou dwòg ak alkòl nan zòn ou an, kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR lan nan 1-800-203-7001.

Entimidasyon

Anpil timoun ki pa akonpaye rapòte ke yo viktim entimidasyon nan men lòt timoun yo, sitou lè yo premye antre lekòl. Timoun yo gen tandans nwi timoun ki sanble diferan, epi timoun ki pa akonpaye yo ka abiye yon fason diferan, pale yon lang diferan, gen aparans diferan oswa gen koutim diferan. Entimidasyon ka pran anpil fòm, soti nan batay fizik retyèl oswa blese yon lòt moun, jiska entansyonèlman fè yon moun santi yo mete l akote, li move, oswa li wont. Pafwa entimidasyon fèt fas a fas nan lekòl oswa apre lekòl, men tou li ka nan telefòn, mesaj tèks, oswa sou entènèt. Fè atansyon pou pa souzèstime kijan entimidasyon ka boulvèsan pou yon timoun. Entimidasyon ka lakòz detrès estrèm epi jennen lavi chak jou yon timoun, nan lekòl ak deyò lekòl. Paske li trè danjere pou timoun yo, gen lwa sou entimidasyon epi pifò lekòl yo gen politik sou fason yo pral abòde li.

Si timoun ou an viktim entimidasyon, li trè kouran epi yo ankourage pou esponnsò yo kontakte lekòl la oswa menm ale nan lekòl la an pèsòn pou pale avèk direktè, pwofesè, oswa travayè sosyal lekòl la. Yo pral oblige pran dispozisyon pou pwoteje timoun lan. Li ta ka itil tou pou timoun lan antre nan lòt aktivite pozitif andeyò lekòl, tankou espò, pwogram konseye, oswa konsèy. Si ou bezwen èd pou kominike avèk lekòl la, pou ou defann timoun lan, oswa pou ou panse sou fason pou ou ede kenbe timoun lan an sekirite, rele Sant Dapèl Nasyonal ORR lan pou jwenn sipò nan 1-800-203-7001.

Pou plis enfòmasyon sou entimidasyon, vizite www.stopbullying.gov oswa rele nan 1-800-273-TALK (8255).

Elvasyon timoun

ORR travay ak anpil timoun ak fanmi, anvan ak apre reyinifikasyon. Toutolon pwosesis la, nou te tande konsèy annapre la yo sou wòl paran yo, ki ka ede fè tranzisyon timoun lan pi fasil yon fwa li rive lakay ou.

Règ ak Lojik

Fikse règ ak mete limit depi okòmansman, epi ou dwe trè klè sou sa atant yo ye lakay ou. Li kapab itil pou fikse règ yo avèk timoun lan, pou nou ap fikse epi dakò sou atant yo ansanm. Sa a voye mesaj la bay timoun lan ke ou respekte l, epi li ba li okazyon pou diskite avèk ou sou rezònman ki dèyè règ yo. Timoun nan gen plis chans tou pou l swiv règ yo si li te ede pwopoze yo. Respekte règ ou yo, epi ou dwe previzib tank ou kapab. Timoun yo, sitou timoun ki pa akonpaye yo, souvan santi yo pi kalm ak plis sou kontwòl lè yo konnen ki konpòtman ou atann de yo.

Timoun ki pa akonpaye yo souvan te gen anpil sipriz ak chanjman efreyan pandan dènye ane yo. Yo ka fache anpil, yo pè, oswa santi yo pa nan plas yo lè woutin yo chanje, oswa lè yon bagay pran yo pa sipriz. Fè tout sa ou kapab pou ou fikse yon woutin chak jou ke ou respekte, pou timoun lan ka alèz ak yon orè chak jou. Pa egzanp, ou ta ka pwograme dine chak swa a 6:00, ou ta ka al fè makèt chak dimanch, oswa tout timoun yo ta ka flòs, bwose dan yo, epi pran douch chak swa anvan y al nan kabann. Jan de woutin sa yo kapab trè rekonfòtan pou yon timoun, epi yo ka kreye yon sansasyon kalm ak apatenans nan mond lan ki otreman tounèf epi chaje ak sipriz.

Ankouraje konpòtman ou vle wè yo

Kenbe timoun lan k ap fè yon bagay byen. Lè ou wè timoun lan konpòte l byen, fè lwanj byen presi pou aksyon l ap fè a, nan moman an. Sa ka ede ankouraje timoun lan kontinye refè konpòtman sa yo, epi li prepare teren an pou ou bay fidbak si timoun lan ap vyole règ yo. Timoun lan gen plis chans pou l koute fidbak negatif yo si gen konfyans ke ou remake tou tout bon bagay li fè. Respekte lide ak panse timoun lan. Sonje, "Mwen pa dakò ak ou," trè diferan ak "ou pa gen rezon."

Lè timoun ou an vyole règ yo

Atann ke timoun lan pa pral toujou swiv règ ou yo, epi li pral pwobableman vyole yo trè souvan. Reflechi sou sa ou pral fè kòm reyakson ak konpòtman a pwoblèm yo..

Yon teknik se konsantre sou reponn timoun lan, pa reyaji. Sa vle di pran tan pou ou reflechi sou sa ki pase vrèman anvan ou atake yon konpòtman oswa yon pwoblèm. Sa vle di tou ou dwe asire ke repons ou an adapte ak sitiyasyon an, epi li pa twò rilaks ni twò egzajere. Toujou mande tèt ou, "Ki mesaj mwen dwe voye bay timoun lan?" "Èske emosyon mwen an ap anpeche m voye mesaj mwen vle voye a?" epi "Èske mwen vrèman konprann rezon ki dèyè konpòtman timoun lan?" Pran tan ou bezwen an pou rasanble panse ou, epi pou ou reponn timoun lan nan fason ou vle reyèlman an. Gaspiye yon okazyon pou fidbak janti ak reflechi nan rele oswa nan di yon bagay ou pa vle di, sa ka lakòz ou fè pa annaryè nan wòl paran, epi fè li pi difisil pou aplike règ avèk timoun lan alavni.

Yon lòt teknik se byen reflechi sou si konpòtman yon timoun reyèlman nwi yon moun. Si repons lan se "non", ou ta dwe reflechi sou fason pou ou reyaji, epi bay timoun lan yon ti espas kote li an sekirite. Fè tout sa ou kapab pou ou fikse limit sou bagay ki pi enpòtan yo, pou ou chwazi batay ki pi enpòtan yo.

Se pou ou gen yon plan pou disiplin apwopriye ak timoun lan. Ozetazini, responsab swen yo pa janm otorize fè timoun lan mal fizikman kòm yon fòm pinisyon, kidonk blese timoun lan pa ka yon opsyon. Reflechi sou ki kalite limit oswa restriksyon ou ka mete san yo pa fè timoun lan mal, pou lè timoun lan konpòte l mal, ou prepare.

Pafwa, tout bon wòl paran nan lemonn jis pa sanble ase. Rekonèt lè yon pwoblèm pi gwo pase sa ou ka jere. Pa gen okenn lawont nan sa lè ou entelijan ase pou ou mande èd lè timoun lan bezwen li. Sa se bon wòl paran..

Kontak Kle yo

Ijans yo	911
Sant Dapèl Nasyonal ORR	1-800-203-7001
Liy asistans LOPC	1-888-996-3848
Liy asistans pou imigrasyon	1-800-898-7180
Liy asistans Nasyonal Childhelp pou Abi sou Timoun	1-800-422-4453
Liy Dirèk Nasyonal pou Vyolans nan Kay	1-800-799-7233
Sant Nasyonal pou Timoun ki Disparèt ak Eksplwate	1-800-843-5678
Liy asistans pou Omoseksyèl Madivin Biseksyèl	1-888-843-4564
Sant Resous Nasyonal pou Trafik Moun	1-888-373-7888
Stopbullying.gov	1-800-273-8255

Sit entènèt Enpòtan yo

Pou resous pou lit kont trafik	http://traffickingresourcecenter.org
Pou enfòmasyon sou travay jèn yo	https://www.osha.gov/youngworkers/workers.html
Pou enfòmasyon sou egzijans prezans obligatwa nan lekòl pou chak Eta	http://www.ncsl.org/research/education/upper-compulsory-school-age.aspx
Pou anpil resous byen presi pou timoun ak fanmi imigran, sa gen ladan	http://www.brycs.org
Pou enfòmasyon sou byennèt timoun	http://www.brycs.org/child_welfare.cfm
Pou enfòmasyon sou ranfòsman fanmi	http://www.brycs.org/family_strengthening.cfm
Pou enfòmasyon sou lekòl yo	http://www.brycs.org/schools.cfm
Pou enfòmasyon sou devlopman jèn yo	http://www.brycs.org/youth_development.cfm
Pou enfòmasyon sou aktivite atistik jèn yo	http://www.brycs.org/youtharts/youth_arts.htm

Pou enfòmasyon sou lit kont trafik moun	http://www.brycs.org/clearinghouse/anti-trafficking-resources.cfm
Pou enfòmasyon sou pwogram edikasyon preskolè (head start) pou jenn timoun yo	http://www.brycs.org/head-start-collaboration.cfm
Pou enfòmasyon sou pèsekisyon	http://www.stopbullying.gov
Pou enfòmasyon sou vyołans nan kay	http://www.thehotline.org
Pou enfòmasyon sou prevansyon swisid	www.suicidepreventionlifeline.org
Pou enfòmasyon sou sipò pou jèn LGBTQI	http://www.glbthotline.org